



## Florida Department of Transportation

RICK SCOTT  
GOVERNOR

1000 NW 111 Avenue  
Miami, FL 33172-5800

MIKE DEW  
SECRETARY

9 fevriye 2018

**SIJÈ:** **Reyinyon pou bay popilasyon an ransèyman**  
Golden Glades Interchange (GGI)  
Re-evaliyasyon Northbound Express Lane (EL) Connector  
Miami-Dade County, Florida  
Nimewo finansman pwojè a: 418423-1-22-01/437053-4-52-01

Mèt pwopriyete/moun ki konsène:

Biwo transpò nan Eta Florid (FDOT), Distri sis, anonse yon rankont pou bay popilasyon an ransèyman konsènan re-evaliyasyon kèk gran chanjman nan plan wout SR826/Palmetto Expressway soti nan NW 27 Avenue rive nan estasyon Golden Glades la, epi sou I-95 soti nan SR916/ NW 135<sup>th</sup> Street/Opa-Locka Boulevard rive sou Florida's Turnpike Spur nan Miami-Dade County. Pwojè sa a pral konsantre sou kesyon pwoteksyon moun ak amelyorasyon nan jan sikilasyon an ap mache sou wout sa yo pou fè plas pou valè machin ki pral woule sou wout sa yo nan ane k ap vini yo, pou amelyore jan sikilasyon an ap fèt pou machin ki pral nan direksyon Nò pou al sou liy esprès I-95 yo ki pral konekte ak Florida Turnpike, epi pou amelyore fason moun ki nan zòn nan ak moun k ap pase nan zòn nan fè depasman yo sot nan yon sistèm transpò pou y al nan yon lòt.


Reyinyon sa a pral fèt **Mèkredi, 28 Fevriye, 2018, de 6è a 8è di swa nan legliz Trinity Church Ki nan 17801 NW 2nd Avenue, Miami, FL 33169** Rankont sa a se va yon chans pou popilasyon an pale de efè sosyal efè anviwònman ak efè ekonomik amelyorasyon sa yo pral pote epi y ap fè reyinyon sa a yon fason ki enfòmèl, kote tout moun gen dwa patisipe epi pap gen okenn prezantasyon fòmèl. Y ap voye menm anons sa a bay tout mèt kay ak tout moun ki lwe kay ki rete a omwen 1000 pye de kote yo fè lide konstwi pwojè a, depi sa ta enterese yo.

Analiz anviwònman la, konsiltasyon, ak lòt aksyon lalwa federal egzije pou pwojè sa a, Depatman Transpò nan Eta Florid ap asire yo suiv lwa sa yo dapre règleman sa a 23 U.S.C. §327 ak yon antant ki pote dat 14 desanm 2016, epi se FDOT k ap fè tout kote suiv tout règleman yo pou pwojè sa a.

Yo mande pou tout popilasyon an pran pa nan aktivite sa a san patipri pou kesyon ras, koulè, peyi kote yon moun soti, laj, sèks, relijyon yon mou, si yon moun gen yon andikap oubyen si yon moun marye oubyen li pa marye. Moun ki ta bezwen yon asistans patikilye dapre règleman lwa Ameriken 1990 la pou moun ki gen Andikap oubyen moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis), dwe kontakte Madan Hong Benitez, P.E nan (305) 470-5219 oubyen voye imel ba li nan adrès sa a [hong.benitez@dot.state.fl.us](mailto:hong.benitez@dot.state.fl.us) omwen sèt jou anvan reyinyon an.

Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan pwojè sa a, tanpri kontakte Manadjè Pwojè a Dat Huynh, P.E. dirèkteman sou imel li [dat.huynh@dot.state.fl.us](mailto:dat.huynh@dot.state.fl.us) oswa sou telefòn nan 305-470-5201. Ou kab al tcheke sitwèb sa yo tou: [www.fdotmiamidade.com/design-projects/expressways/state-road-sr-826palmetto-expressway-managed-lanes-design-projects-1](http://www.fdotmiamidade.com/design-projects/expressways/state-road-sr-826palmetto-expressway-managed-lanes-design-projects-1) epi [www.fdotmiamidade.com/design-projects/expressways/golden-glades-interchange-enhancement-projects](http://www.fdotmiamidade.com/design-projects/expressways/golden-glades-interchange-enhancement-projects).

Mwen salye ou,

  
Dat Huynh, P.E.  
Manadjè Pwojè